



Hancock Public Health

Lidè Popilè w la nan Sante Popilasyon

Lindsay Summit, MPH, Komisyonè Lasante



Konsantman pou Sèvis ak Responsablite Finansye ak Avi sou Pratik Konfidansyalite

2225 Keith Parkway, Findlay, Ohio 45840
419-424-7441 opsyon 2

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo epi kijan ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri egzamine li ak anpil atansyon.

Enfòmasyon ke yo ka Idantifye Pèsonèlman sou sante w, swen sante w, ak peman w pou swen sante rele Enfòmasyon Sante Pwoteje. Nou dwe pwoteje Enfòmasyon Sante Pwoteje w yo epi ba w Avi sa a sou pratik konfidansyalite nou yo ki eksplike kijan, ki lè ak poukisa nou ka itilize oswa divilge Enfòmasyon Sante Pwoteje w yo. Eksepte nan sitiyasyon ki endike nan Avi a, nou dwe itilize oswa divilge sèlman minimòm nan Enfòmasyon Sante Pwoteje ki nesèsè pou fè itilizasyon oswa divilgasyon an.

Nou dwe swiv pratik ki dekri nan Avi sa a, men nou ka chanje pratik konfidansyalite nou yo ak kondisyon Avi sa a nenpòt ki lè.

Ou ka mande yon kopi Avi a tou lè w rele nou nan 419-424-7105 epi mande nou pou voye yon kopi pa lapòs ou oswa lè w mande yon kopi nan pwochen randevou w la.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje Ou Ki Pa Bezwen Konsantman Ou

Nou ka itilize epi divilge Enfòmasyon sou Sante Pwoteje ou jan annapre a san pèmasyon ou:

Pou rezon tretman. Nou ka divilge enfòmasyon sante w bay doktè yo, enfimyè yo ak lòt moun ki ba w swen sante. Pa egzanp, enfòmasyon ou yo ka pataje ak moun k ap fè travay laboratwa oswa radyografi.

Pou jwenn peman. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w pou nou ka kolekte peman pou swen sante w. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon bay konpayi asirans ou a.

Pou operasyon swen sante. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou nou ka fè aktivite komèsyal tankou evalyasyon anplwaye ak amelyore sèvis nou bay. Nou ka divilge enfòmasyon w yo bay etidyan k ap pran fòmasyon avèk nou. Nou ka itilize enfòmasyon w yo pou kontakte w pou fè w sonje randevou w oswa pou rele w pa non w nan sal atant la lè doktè w pare pou li wè w.



Hancock Public Health

Lidè Popilè w la nan Sante Popilasyon

Lindsay Summit, MPH, Komisyonè Lasante



Lè lalwa egzije sa. Nou ka oblije divilge Enfòmasyon Sante Pwoteje w bay ofisye lapolis yo, tribinal oswa ajans gouvènman yo. Pa egzanzp, nou ka oblije rapòte abi, neglijan oswa sèten blesi fizik.

Pou aktivite sante piblik. Nou ka oblije rapòte enfòmasyon sante w bay ajans gouvènman yo pou anpeche oswa kontwole maladi oswa blesi. Nou ka oblije rapòte tou maladi ak blesi ki gen rapò ak travay yo bay patwon w pou yo ka kontwole espas travay ou pou rezon sekirite.

Pou aktivite sipèvizyon sante. Nou ka oblije divilge enfòmasyon sou sante w bay ajans gouvènman yo pou yo ka kontwole oswa bay founisè swen sante lisans tankou doktè ak enfimiyè.

Pou aktivite ki gen rapò ak lanmò. Nou ka oblije divilge enfòmasyon sou sante w bay cowonè, doktè lejis yo, epi ak direktè fineray yo pou yo ka fè travay ki gen rapò ak lanmò w, tankou detèmine lakòz lanmò w oswa prepare kò w pou antèman. Nou ka divilge enfòmasyon w tou bay moun ki enplike nan lokalize, estoke oswa transplante ògàn oswa tisi donatè yo.

Pou etid. Pou nou sèvi kominote pasyan nou an, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w pou etid rechèch, men sèlman apre ke Komite Revizyon Enstitisyonèl nan UWM oswa yon komite espesyal konfidansyalite apwouve itilizasyon sa a. Nan pifò ka yo, enfòmasyon ou yo pral itilize pou etid sèlman avèk pèmision w.

Pou evite yon menas pou sante oswa sekirite. Pou evite yon menas grav pou sante oswa sekirite, nou ka divilge enfòmasyon sante bay ofisye lapolis oswa lòt moun ki ta ka anpeche oswa diminye menas sa a.

Pou fonksyon gouvènman espesifik. Nan sèten sitiyasyon, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ofisye militè yo ak veteran yo, nan etablisman koreksyonèl, nan pwogram benefis gouvènman, ak pou rezon sekirite nasyonal.

Pou rezon konpansasyon travayè. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay otorite gouvènman yo dapre lwa konpansasyon travayè yo.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pwoteje Ou Ki Ofri W Yon Opòtinite pou Refize

Nan sitiyasyon annapre yo, nou ka divilge kèk nan Enfòmasyon Sante Pwoteje w si nou fè w konnen anvan divilgasyon an epi ou pa refize:



Hancock Public Health

Lidè Popilè w la nan Sante Popilasyon

Lindsay Summit, MPH, Komisyonè Lasante



Pou fanmi w, zanmi w oswa lòt moun ki patisipe nan swen w. Nou ka pataje ak moun sa yo enfòmasyon ki gen rapò ak patisipasyon yo nan swen w oswa enfòmasyon pou fè yo konnen kote ou ye oswa kondisyon jeneral ou. Nou ka divilge enfòmasyon sante w bay òganizasyon k ap jere efò sekou pou katastwòf.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje W Ki Mande Konsantman W

Itilizasyon ak divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje w ki annapre yo pral fèt sèlman avèk pèmasyon w alekri, ke w ka retire nenpòt ki lè:

Pou rezon rechèch. Pou nou sèvi kominote pasyan nou an, nou ka vle sèvi ak enfòmasyon sante w nan etid rechèch. Pa egzanp, chèchè yo ka vle wè si tretman w lan te geri maladi w la. Nan ka sa a, n ap mande w ranpli yon fòm ki pèmèt nou itilize oswa divilge enfòmasyon w pou rezon rechèch. Ranpli fòm sa a konplètman volontè epi li pa pral gen okenn efè sou tretman ou.

Pou nenpòt lòt rezon ki pa dekri nan Avi sa a. San otorizasyon w, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w nan okenn sikonstans ki pa dekri nan Avi sa a.

Dwa w Konsènan Enfòmasyon Sante Pwoteje W

Ou gen dwa annapre yo ki gen rapò ak Enfòmasyon sou Sante Pwoteje w:

Pou enspekte epi mande yon kopi Enfòmasyon Sante Pwoteje w. Ou ka gade epi jwenn yon kopi Enfòmasyon Sante Pwoteje w nan pifò ka yo. Ou pa ka wè oswa kopye nòt sikoterapi, enfòmasyon yo kolekte pou itilize nan yon aksyon legal oswa gouvènman an, ak enfòmasyon ke ou pa kapab jwenn aksè ladan yo dapre lalwa. Si nou itilize oswa kenbe enfòmasyon yo mande yo elektwonikman, ou ka mande enfòmasyon sa yo nan fòm elektwonik.

Pou mande nou korije Enfòmasyon Sante Pwoteje w. Si w panse gen yon erè oswa yon twou vid nan dosye nou an sou enfòmasyon sante w, ou ka mande nou alekri pou yo korije dosye a. Nou ka refize demann ou a si nou jwenn fichye a kòrèk epi konplè, nou pa t kreye li oswa yo pa pèmèt divilge li. Si nou refize demann ou a, n ap eksplike rezon nou yo pou refi a epi dwa ou genyen pou demann lan ak refi epi repons alekri w ajoute nan dosye w la. Si nou apwouve demann ou an, n ap chanje dosye a, n ap rapòte w chanjman sa a, epi n ap di lòt moun ki bezwen konnen chanjman ki fèt nan dosye w la.

Pou mande yon restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje w yo. Ou ka mande nou limite jan nou itilize oswa divilge enfòmasyon w yo, men jeneralman nou pa oblije dakò ak demann ou an. Yon eksepsyon se ke nou dwe dakò ak yon demann pou pa voye Enfòmasyon Sante Pwoteje bay yon plan sante pou rezon peman oswa operasyon swen sante si ou te peye totalman pou pwodwi a oswa sèvis ki konsène a. Si nou dakò ak tout oswa yon pati



Hancock Public Health

Lidè Popilè w la nan Sante Popilasyon

Lindsay Summit, MPH, Komisyonè Lasante



nan demann ou an, nou pral mete akò nou an alekri epi obeyi li eksepte nan sitiasyon ijans. Nou pa kapab limite itilizasyon oswa divilgasyon ke lalwa egzije.

Pou mande metòd kominikasyon konfidansyèl. Ou ka mande pou nou kontakte w nan yon sèten adrès oswa nan yon sèten fason. Nou dwe dakò ak demann ou an toutotan li rezonabman fasil pou nou fè sa.

Pou chèche konnen ki divilgasyon yo te fè. Ou ka jwenn yon lis ki dekri ki lè, bay ki moun, poukisa, ak ki enfòmasyon sou sante w yo te divilge pandan sis dènye ane yo. Nou dwe reponn demann ou an sou swasant jou apre nou resevwa li. N ap fè w peye pou lis la sèlman si w mande plis pase yon lis pa ane. Lis la p ap gen ladann divilgasyon yo fè ba ou oswa pou rezon tretman, peman, operasyon swen sante si nou pa sèvi ak dosye sante elektwonik, anyè pasyan nou an, sekirite nasyonal, lapolis, ak sèten aktivite sipèvizyon sante.

Pou resevwa avi si gen violasyon nan dosye w. Hancock Public Health pral fè w konnen si te gen yon akizasyon, aksè, itilizasyon oswa divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje w nan yon fason ki pa otorize dapre lalwa epi ke nou oblije rapòte ba ou. Nou pral revize nenpòt vyolasyon sispèk pou detèmine repons apwopriye nan sikonstans yo.

Pou jwenn yon kopi Avi sa a sou papye. Sou demann ou, n ap ba w yon kopi Avi sa a sou papye.

Si w gen nenpòt kesyon sou dwa sa yo, tanpri kontakte nou.

Kijan pou Pote Plent konsènan Pratik Konfidansyalite Nou yo

Si w panse ke nou ka te vyole dwa konfidansyalite w yo, oswa si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran konsènan Enfòmasyon Sante Pwoteje w, ou ka depoze yon plent bay Ofisye Konfidansyalite nou an lè w ekri Laura Reinhart APRN-CNP, Direktris Enfimri nan lreinhart@hancockph.com.

Ou ka depoze yon plent tou avèk Sekretè Depatman Sèvis Sante ak Imen Etazini (Secretary of the U.S. Department of Health and Human Services) lè w ekri nan 200 Independence Avenue SW, Washington, D.C. 20201 oswa lè w rele 1-877-696-6775.

Nou p ap pran okenn aksyon kont ou si ou fè yon plent bay youn oswa toulede moun sa yo.

Kijan Pou Resevwa Plis Enfòmasyon Sou Pratik Konfidansyalite nou yo

Si w gen kesyon sou Avi sa a oswa sou pratik konfidansyalite nou yo, tanpri kontakte Ofisye Konfidansyalite nou an, Laura Reinhart APRN-CNP, Direktris Enfimri, Hancock Public Health.



Hancock Public Health

Lidè Popilè w la nan Sante Popilasyon

Lindsay Summit, MPH, Komisyonè Lasante



Lalwa egzije nou pou nou kenbe vi prive epi bay moun yo avi sa a sou devwa legal ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò ak enfòmasyon sante pwoteje. Si w gen nenpòt objeksyon sou fòm sa a, tanpri mande pou w pale ak Ofisye Konfòmite HIPAA nou a an pèsòn oswa pa telefòn nan nimewo telefòn prensipal nou an.

Mwen menm ki siyen anba a, mwen sètifye epi konfime ke mwen dakò ak tretman medikal la, tès yo oswa pou mwen resevwa vaksen/tès Tibèkiloz nan Hancock Public Health. Kidonk, mwen otorize anplwaye medikal la ak pèsònèl la pou yo divilge enfòmasyon medikal mwen oswa timoun minè mwen an bay konpayi asirans mwen te di a nan objektif pou detèmine ak resevwa benefis pou bòdwo medikal yo. Mwen konprann epi rekonèt ke pèsònèl medikal la pral soumèt reklamasyon mwen an bay konpayi asirans lan nan non mwen. Mwen konprann tou ke mwen pral responsab pou nenpòt ki kantite lajan pou bòdwo medikal mwen ki pa kouvri nan kontra oswa reklamasyon asirans mwen an, epi ke mwen pral responsab pou peye tout dediktib, frè, ko-peman, ak peman ko-asirans ki nesèsè yo. Mwen konprann ke nenpòt pati nan bòdwo medikal mwen ki pa kouvri pa asirans lan y ap voye bòdwo ba mwen nan adrès mwen te bay la. Siyati sa a sèvi tou kòm yon rekonesans ke mwen te resevwa *Konsantman pou Sèvis ak Responsablite Finansye ak Avi sou Pratik Konfidansyalite*.

Siyati Pasyan/Pati Responsab ak Dat: